

Enfòmasyon pou Premye Aplikasyon Tanpri li men pa prezante li ansanm avèk aplikasyon ou.

## Èske ou kalifye pou Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay Andikap a?

**Tanpri konfime ak ajan manajman ou a pou wè si pwopriyete ou a sou kontwòl nenpòt nan konpayi devlopman lojman sa yo:**

- |  |                                       |
|--|---------------------------------------|
| ✓ Mitchell-Lama  | ✓ Konpayi Redevlopman                 |
| ✓ Konpayi Lojman ak Pwofi Limite (Limited-Profit Housing Company)      | ✓ Konpayi Fon Devlopman Lojman (HDFC) |
| ✓ Konpayi Lojman ak Didivann Limite (Limited Dividend Housing Company) |                                       |

**Si pwopriyete ou a pa sou kontwòl yon ajans ki endike anwo a, li PA kalifye pou Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki Andikape a.**

Èske tout pwopriyetè yo gen yon andikap, **OSWA** èske pwopriyetè yo se madanm, mari, frè oswa sè moun ki andikape a?  Wi  Non

Èske pwopriyete a se kay prensipal pou tout pwopriyetè ki andikape yo ak madanm oswa mari yo, **OSWA** èske nenpòt nan pwopriyetè ki andikape yo ap resevwa swen nan yon sant swen sante?  Wi  Non

Èske Revni Melanje Total (Total Combined Income, TCI) pou tout pwopriyetè yo ak madanm oswa mari yo se \$58,399 dola oswa mwens, kèlkeswa kote y ap viv la? (Ou ka retire revni yon madanm oswa mari si li p ap viv nan kay la akoz divòs, separasyon legal, oswa abandon.)  Wi  Non



Si ou reponn **NON** pou nenpòt nan kesyon sa yo, ou **PA KA** kalifye pou Egzanpsyon pou Pwopriyetè Andikape A.

Si ou bezwen yon aranjman pou andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram Depatman Finans (Department of Finance) ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap (Disability Service Facilitator) la nan [nyc.gov/contactdofeeo](http://nyc.gov/contactdofeeo) oswa rele 311.

### 1. Enfòmasyon sou Pwopriyete a

#### Pousantaj ki Sèvi Kòm Kay Prensipal

Si pwopriyete ou gen kat oswa plis inite rezidansyèl, endike pousantaj ou itilize kòm kay prensipal ou. Egzanp: si pwopriyete a se yon lojman pou kat fanmi epi w ap viv nan yon ka (1/4) pwopriyete a, pousantaj ou itilize kòm kay prensipal ou se 25%. Oswa, si pwopriyete yo ap viv nan mwatye pwopriyete a (2 inite sou 4) pousantaj yo itilize kòm kay prensipal yo se 50%.

#### Enfòmasyon sou Twòs/Byen Imobilye Avi

Endike si pwopriyete a se pou yon twòs oswa si yon moun ki gen byen imobilye kenbe li. Sonje si yo kenbe pwopriyete a nan twòs, ou ka jwenn pèmasyon pou egzanpsyon an si benefisyè twòs la kalifye. Si yon moun gen yon byen imobilye nan pwopriyete a, moun sa a se pwopriyetè a pou objektif kalifikasyon DHE.

#### Lèt Pwopriyete Ou Posede

Si oumenm oswa madanm/mari ou posede lòt/plizyè pwopriyete, tanpri ranpli Seksyon 4 la, "Lèt Pwopriyete" ki nan paj 3 aplikasyon an. Si ou pa resevwa benefis sou lòt pwopriyete ki deyò Vil New York, ou dwe prezante yon lèt biwo estimatè konte/eta a, ki endike pa gen benefis sou pwopriyete yo.

## 2. Enfòmasyon pou Pwopriyete

Seksyon sa a fèt pou ranpli pou tout pwopriyete kay (chak moun ki sou tit pwopriyete a oswa sètifika aksyon an). Li obligatwa pou bay enfòmasyon pou tout pwopriyete yo menmsi se pa tout pwopriyete yo k ap viv nan pwopriyete a.

Endike si pwopriyete sa a se kay prensipal pou chak pwopriyete. Si pwopriyete a pa kay prensipal pou yon pwopriyete, oswa si pwopriyete a absan nan pwopriyete a paske l ap resevwa swen medikal nan yon sant swen sante oswa akòz divòs, separasyon legal oswa abandon, ou dwe prezante prèv yo ansanm avèk aplikasyon an.

- Ou dwe mete Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN).
- Endike relasyon pwopriyete a avèk lòt pwopriyete pwopriyete a.

## 3. Enfòmasyon sou Revni

### Prèv Revni

**Nan kaz nou bay nan paj 3 a, endike Revni Melanje Total pou tout pwopriyete yo ak madanm/mari yo,** kèlkeswa kote y ap viv, pou ane almannak 2018 la. Si revni an pa disponib pou ane 2018 la, ou kapab itilize revni pou ane 2017. (Ou ka retire revni yon madanm oswa mari si li p ap viv nan kay la akòz divòs, separasyon legal, oswa abandon.) Tanpri sonje: Sa a se pa Revni Federal Ajiste ou Anvan Dediksyon.

### Sous Revni yo

a. Tout peman Sekirite Sosyal (yo dwe se tout kantite lajan ou resevwa epi yo pa dwe se kantite lajan ki taksab)	\$ _____	h. Enterè (tankou enterè ki pa taksab)	\$ _____
b. Dividann	\$ _____	i. Revni nan twòs	\$ _____
c. Pwofi nan kapital	\$ _____	j. Revni apre dediksyon nan agrikilti, biznis oswa pwofesyon	\$ _____
d. Pwofi nan lavant oswa echanj	\$ _____	k. Revni nan lwaye apre dediksyon	\$ _____
e. Peman nan plan retrèt oswa pansyon gouvènman oswa prive	\$ _____	l. Lajan pansyon alimantè oswa lajan sipò	\$ _____
f. IRA oswa Salè nan Anwite	\$ _____	m. Peman asirans chomaj, peman pou andikap, konpansasyon travayè, elatriye.	\$ _____
g. Salè ak salè pa èdtan (tankou bonis)	\$ _____		

### \*Dediksyon ki Akseptab:

- Depans medikal ak depans pou medikaman sou preskripsyon ki pa ranbouse. Sa pa gen ladan bòdwo depans ou pa fè yo. Si ou te ranpli Fòm Taks Federal 1040 epi si ou te ranpli anèks A, nou kapab itilize enfòmasyon ki nan anèks la pou depans medikal oswa depans preskripsyon ou fè ki pa ranbouse yo. Ou pa gen obligasyon pou voye resi yo.

**Sous Revni Total + \$ \_\_\_\_\_**  
(ajoute liy a-m)

\*Depans medikal ak depans pou medikaman sou preskripsyon ki pa ranbouse - \$ \_\_\_\_\_

**Revni Melanje Total = \$ \_\_\_\_\_**

### Revni Melanje Total pa gen ladan:

- Distribisyon IRA
- Èd Lajan Kach (Èd Piblik)
- Kantite lajan ipotèk (men nenpòt enterè oswa dividann ki reyalize nan investisman kantite lajan ipotèk la se revni)
- Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI)
- Kado, eritaj
- Ranbousman kapital
- Peman pou dedomajman akòz pèsekisyon Nazi
- Peman Pwogram Federal pou Granparan Adoptif

## 4. Sètifika

Tout pwopriyete yo dwe siyen ak date aplikasyon an kit y ap viv nan pwopriyete a kit yo p ap viv ladan.

# Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki Andikape (Disabled Homeowners' Exemption) PREMYE APLIKASYON POU 2019/2020

TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE

## 1. ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETE A

BOROUGH	BLÒK	PASÈL	KANTITE AKSYON KOPERATIV
ADRÈS RI			APT.
VIL	ETA	KÒD POSTAL	
KALITE PWOPRIYETE A <input type="checkbox"/> Inite Kondominyòm <input type="checkbox"/> Lojman pou 1–3 fanmi <input type="checkbox"/> Koperativ <input type="checkbox"/> Lojman pou 4+ fanmi SI YON INITE FANMI GEN 4 OSWA PLIS INITE METE % ESPAS YO UTILIZE POU REZIDANS PRENSIPAL YO: _____ %			
DAT OU TE ACHTE PWOPRIYETE A (mwa/jou/ane)	ENFÒMASYON SOU JESYON KOPERATIV/KONDOMINYÒM NAN		
	NON KONPAYI AN	NIMEWO TELEFÒN	(   )   –
ÈSKE GEN YON BYEN IMOBILYE AVI/TWÒS SOU PWOPRIYETE SA A? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
ÈSKE GEN YON TWÒS SOU PWOPRIYETE SA A? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
ÈSKE PWOPRIYETE A SIPOZE POU OU? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
POU KOPERATIV SÈLMAN: ÈSKE INITE W LA AP RESEVWA EGZANPSYON NAN OGMANTASYON PRI LWAYE POU MOUN AJE (SENIOR CITIZEN RENT INCREASE EXEMPTION, SCRIE) OSWA EGZANPSYON NAN OGMANTASYON PRI LWAYE POU MOUN KI ANDIKAPE (DISABILITY RENT INCREASE EXEMPTION, DRIE)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
ÈSKE PWOPRIYETE A SE KAY PRENSIPAL POU TOUT PWOPRIYETÈ KI ANDIKAPE YO AK MADANM OSWA MARI YO? (TOUT PWOPRIYETÈ YO DWE AP VIV NAN PWOPRIYETE A SOF SI YO SEPARÈ LEGALMAN, YO DIVÒSE, YO ABANDONE OSWA Y AP VIV NAN YON SANT SWEN SANTE) <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
SI PWOPRIYETÈ KI ANDIKAPE A AP RESEVWA SWEN MEDIKAL NAN YON SANT SWEN SANTE, ÈSKE W AP VIV NAN PWOPRIYETE A POUKONT OU? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			

## 2. ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETÈ A (YO)

- Pou prèk andikap soumèt yon kopi youn nan bagay sa yo:  
Lèt rekonpans ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal, OSWA Lèt Rekonpans ki soti nan chemennfè oswa nan Sèvis Lapòs Etazini, OSWA Sètifika ki soti nan Komisyon Leta pou Moun Avèg ak Moun ki gen Andikap Vizyèl, OSWA Lèt ki soti nan Administrasyon Veteran ki endike aplikan an gen dwa pou resevwa pansyon pou Andikap Veteran.
- Pou byen imobilye avi, bay enfòmasyon sou pwopriyetè a pou moun ki gen byen imobilye avi ak madanm/mari li.
- Pou yon twòs, bay enfòmasyon sou pwopriyetè pou benefisyè/fidisyè epi prezante kopi tout Akò Twòs la.
- Si yon pwopriyetè mouri, pa mete enfòmasyon ki anba la yo. Prezante kopi sètifika lanmò.
- Si pwopriyetè a te sipoze pou yon pwopriyetè, tanpri prezante kopi dènve testaman an, otantifikasyon oswa lòd tribinal.
- Pou pwopriyetè ki divòse, ki separe legalman, oswa ki abandone, pa mete enfòmasyon pou pwopriyetè ki absan an. Prezante kopi dokiman tribinal la.
- Pou pwopriyetè k ap resevwa swen medikal nan yon sant swen sante, prezante dokiman ki soti nan sant swen sante a.

Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki Andikape (Disabled Homeowners' Exemption, DHE)  
PREMYE APLIKASYON – 2019/20

**2. ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETÈ A (YO)( KONTINYE)**

**Pwopriyetè 1:**

NON (PRENON, NON FANMI)	
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	SEKIRITE SOSYAL / NIMEWO ITIN
NIMEWO TELEFÒN ( ) –	NIMEWO TELEFÒN SELILÈ ( ) –
ADRÈS IMÈL	ÈSKE SA A SE KAY PRENSIPAL PWOPRIYETÈ 1? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

**Pwopriyetè 2:**

NON (PRENON, NON FANMI)	
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	SEKIRITE SOSYAL / NIMEWO ITIN
NIMEWO TELEFÒN ( ) –	NIMEWO TELEFÒN SELILÈ ( ) –
ADRÈS IMÈL	ÈSKE SA A SE KAY PRENSIPAL PWOPRIYETÈ 2? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
ÈSKE PWOPRIYETÈ 1 AK 2 MARYE? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	ÈSKE PWOPRIYETE #1 AK #2 SE FRÈ AK SÈ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

**Pwopriyetè 3:**

NON (PRENON, NON FANMI)	
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	SEKIRITE SOSYAL / NIMEWO ITIN
NIMEWO TELEFÒN ( ) –	NIMEWO TELEFÒN SELILÈ ( ) –
ADRÈS IMÈL	ÈSKE SA A SE KAY PRENSIPAL PWOPRIYETÈ 3? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
RELASYON AVÈK PWOPRIYETÈ 1 AK 2	

**Enfòmasyon pou Kontakte Repezantan Pwopriyetè a:**

Si yon manm fanmi oswa yon repezantan legal ou chwazi responsab pou jere afè pwopriyetè a ki konsène aplikasyon sa a, tanpri bay dokimantasyon.

NON (PRENON, NON FANMI)	
NIMEWO TELEFÒN ( ) –	NIMEWO TELEFÒN SELILÈ ( ) –
ADRÈS IMÈL	
RELASYON AVÈK PWOPRIYETÈ YO	

Lwa Federal 1974 sou Enfòmasyon Prive, selon amandman, egzije ajans ki mande Nimewo Sekirite Sosyal yo pou fè moun yo mande enfòmasyon sa yo konnen si se avèk volonte yo oswa avèk obligasyon pou yo konfòme yo avèk demann lan, pou kisa ajans yo fè demann lan, ak fason ajans yo pral itilize enfòmasyon yo. Divilgasyon Nimewo Sekirite Sosyal yo pou moun ki aplike yo ak moun nan kay la ki touche revni obligatwa ak nesèsè dapre seksyon 11-102.1 Kòd Administratif Vil New York. Nou mande nimewo sa yo ki divilge sou nenpòt rapò oswa fòm deklarasyon taks pou rezon administrasyon taks sèlman, epi n ap itilize yo pou fasilite pwosesis rapò yo epi pou detèmine ak konsève yon sistèm inifòm pou idantifye kontribiyab ki depannde oswa ki ka depannde taks Depatman Finans administre epi touche. Nou ka divilge nimewo sa yo tou nan enfòmasyon ki endike nan fòm deklarasyon taks kontribiyab la ba yon lòt depatman, moun, ajans oswa enstitisyon jan lalwa ka egzije sa, oswa si moun ki aplike a oswa moun nan kay ki touche revni yo bay otorizasyon alekri pou Depatman Finans.

# Egzanpsyon pou Pwopriyete Kay ki Andikape (Disabled Homeowners' Exemption, DHE) PREMYE APLIKASYON – 2019/20

## 3. ENFOMASYON SOU REVNI MELANJE TOTAL

**REVNI MELANJE TOTAL (TOTAL COMBINED INCOME, TCI), GADE SEKSYON 3 ENSTWIKSYON YO POU DETEMINE KI REVNI POU METE POU TCI. SOUSTRÈ NENPÒT DEPANS MEDIKAL AK DEPANS POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON KI PA RANBOUSE.**

Antre Revni Melanje Total ou pou ane 2018, pou tout pwopriyete yo ak madanm/mari yo, kèlkeswa kote y ap viv ak si non yo parèt oswa pa parèt sou pape notarye a.

Ou ka retire revni yon madanm oswa mari si li p ap viv nan kay la akòz divòs, separasyon legal, oswa abandon. Prezante dokiman tribinal la.

**Nòt:** Si revni an pa disponib pou ane 2018 la, ou kapab itilize revni pou ane 2017.

\$ \_\_\_\_\_

**Ou DWE bay dokiman ki endike anba la yo pou aplike pou Egzanpsyon Pwopriyete Andikape a.**

**Depatman Finans (Department of Finance) dwe verifye revni ou anvan l ap ka ba ou Egzanpsyon pou Pwopriyete Kay ki Andikape a. Tanpri swiv demach sa yo pou w ka verifye revni ou:**

- Piga ou koche kaz sa a si ou pa te deklare taks pèsonèl an 2018 oswa 2017. Koche kaz sa a pou bay Depatman Finans otorizasyon pou itilize dènye enfòmasyon deklarasyon taks sou revni ou nan men IRS ak Depatman Taks ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation & Finance) pou trete aplikasyon ou a. Si ou koche kaz sa a, ou p ap bezwen soumèt plis dokiman revni nan moman an. **OSWA**
- Soumèt yon kopi deklarasyon taks leta sou revni pèsonèl eta ak federal ou pou ane pi resan ou te deklare a (2017 oswa 2018). Soumèt kopi pou tout pwopriyete ak mari/madanm yo, kèlkeswa kote yo abite oswa si non yo parèt oswa pa parèt sou tit pwopriyete a. **OSWA**
  - Si ou pa te depoze yon fòm deklarasyon taks sou revni federal pou ane 2018 oswa 2017, ou fèt pou w soumèt lòt dokiman ki verifye revni ou pou 2018 oswa 2017 (kèlkeswa ane ki pi resan ou gen enfòmasyon konplè pou li a), tankou: fòm deklarasyon taks eta sou revni; fòm 1099 Sekirite Sosyal yo; lòt fòm 1099; etadkont pansyon, anwite, pansyon alimantè, chomaj, ak konpansasyon travayè; revni lokasyon nan men lokatè; elatriye

**Dediksyon Akseptab, si sa apwopriye:**

- Kopi depans medikal oswa depans pou preskripsyon fè ki pa ranbouse pou ane 2018. Si enfòmasyon yo pa disponib pou ane 2018 la, ou kapab itilize ane 2017. PA soumèt kopi bòdwo ou pa peye yo. Si ou te ranpli Fòm Taks Federal 1040 epi si ou te ranpli anèks A, nou kapab itilize enfòmasyon ki nan anèks la pou depans medikal oswa depans preskripsyon ou fè ki pa ranbouse yo. Ou pa gen obligasyon pou voye resi yo.
- Prèv depans medikal ak depans pou preskripsyon ki pa ranbouse yo dwe se menm ane fiskal la ak dokiman revni ou prezante yo.

## 4. LÒT PWOPRIYETE OU POSEDE (SI GENYEN)

Èske nenpòt pwopriyete posede lòt pwopriyete?  Wi  Non  
SI OU REPONN NON, ALE NAN SEKSYON SÈTIFIKA KI NAN PAJ 4 LAN.

SI OU REPONN WI, KONBYEN LÒT PWOPRIYETE PWOPRIYETÈ OU YO POSEDE ANTOU?

Ranpli seksyon ki anba la a pou chak lòt pwopriyete. Si pwopriyete a nan Vil New York, tanpri bay Minisipalite/Nimewo Blòk/Pasèl la.

**Lòt pwopriyete 1:**

MINISIPALITE	BLÒK	PASÈL	OSWA	ID PASÈL
NON PWOPRIYETÈ A (YO)				
ADRÈS RI				APT
VIL		ETA	KÒD POSTAL	
EGZANPSYON LI RESEVWA YO				
<input type="checkbox"/> STAR Debaz/STAR Amelyore <input type="checkbox"/> Granmoun <input type="checkbox"/> Andikape <input type="checkbox"/> Veteran <input type="checkbox"/> Lòt: _____				
Yon pwopriyete ak madanm/mari li pa kapab gen egzanpsyon sou plis pase yon pwopriyete, sof si madanm/mari a oswa ansyen madanm/mari a absan akòz divòs, separasyon legal oswa abandon. <i>Nan youn nan kay yo, tanpri prezante yon kopi dokiman tribinal.</i>				

# Egzanpsyon pou Pwopriyete Kay ki Andikape (Disabled Homeowners' Exemption, DHE) PREMYE APLIKASYON — 2019/20

## 4. LÒT PWOPRIYETE OU POSEDE (SI GENYEN ) (KONTINYE)

### Lòt pwopriyete 2:

MINISIPALITE	BLÒK	PASÈL	OSWA	ID PASÈL
NON PWOPRIYETÈ A (YO)				
ADRÈS RI				APT
VIL		ETA	KÒD POSTAL	
EGZANPSYON LI RESEWA YO				
<input type="checkbox"/> STAR Debaz/STAR Amelyore <input type="checkbox"/> Granmoun <input type="checkbox"/> Andikape <input type="checkbox"/> Veteran <input type="checkbox"/> Lòt: _____				
Yon pwopriyete ak madanm/mari li pa kapab gen egzansyon sou plis pase yon pwopriyete, sof si madanm/mari a oswa ansyen madanm/mari a absan akòz divòs, separasyon legal oswa abandon. <i>Nan youn nan kay yo, tanpri prezante yon kopi dokiman tribinal..</i>				

## 5. SÈTIFIKA

Tanpri li sètifika ki anba la a avèk anpil atansyon, epi siyen li. Aplikasyon ou pa konplè si ou pa siyen li. Mwen konfime tout deklarasyon mwen fè nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk dapre tout sa mwen konnen epi mwen pa t fè espere pou bay fo deklarasyon sou enfòmasyon enpòtan yo. Mwen rekonèt yo ka verifiye enfòmasyon sa yo epi si Depatman Finans (Department of Finance) ta detèmine mwen te fè fo deklarasyon, mwen ka pèdi egzansyon mwen yo pidevan epi mwen ka responsab pou peye tout taks mwen dwe ki anvigè, enterè ki anpile, ak sanksyon maksimòm lalwa prevwa.

**Tout pwopriyete yo dwe siyen ak date aplikasyon sa a, kèlkeswa kote y ap viv la.**

EKRI NON PWOPRIYETÈ 1 AN LÈT DETACHE	SIYATI PWOPRIYETÈ 1	DAT APLIKASYON AN
EKRI NON PWOPRIYETÈ 2 AN LÈT DETACHE	SIYATI PWOPRIYETÈ 2	DAT APLIKASYON AN
EKRI NON PWOPRIYETÈ 3 AN LÈT DETACHE	SIYATI PWOPRIYETÈ 3	DAT APLIKASYON AN

### Èske ou te sonje pou ou...

- Tcheke aplikasyon an pou asire ou te reponn tout kesyon yo?
- Mete kopi tout dokiman ki obligatwa yo?
- Siyen ak date aplikasyon an?
- Kenbe yon kopi aplikasyon ou ranpli a pou mete nan dosye ou?

**Voye aplikasyon ou ranpli a ak tout dokiman ki obligatwa yo avan 15 mas 2019 bay:**

New York City Department of Finance  
P.O. Box 311  
Maplewood, NJ 07040-0311

W ap resevwa yon repons pou rekonèt nou te resevwa aplikasyon ou a  
Pou jwenn èd, ale sou [nyc.gov/contactpropexemptions](http://nyc.gov/contactpropexemptions) oswa rele **311**.